

Fòmilè Konsantman Pasyan pou Vizit Televideyo an Gwoup

Pasyan an di avivwa li dakò ak sa ki annapre yo:

- Si ou bezwen laswenyay touswit, w ap rele 911 oswa al nan sal dijans ki pi pre w la
- Ou gen dwa pou w pa bay oswa pou w wete konsantman ou pou vizit telesante an gwoup nenpòt ki lè
- Ou gen menm dwa konfidansyalite yo pou vizit telesante ak sa ou genyen yo pou vizit an pèsonn, men vizit telesante yo gen lòt difikilte kote gen prekosyon anplis ki pou pran, sa gen ladan:
 - Itilizasyon rezo entènèt prive ak sekirize pou vizit televideyo
 - Si patisipan yo nan gwoup la pa nan yon espas prive, gen lòt moun ki gen dwa tandè sa w di gwoup la
 - Gen yon risk pou patisipan yo anrejistre oswa pran foto vizit an gwoup la epi bay lòt moun wè
 - Si ou pa wete non fanmi ou nan kont google ou a jan nou mande ou fè li an, y ap kapab wè non konplè ou nan vizit an gwoup la
 - Si ou mete non konplè ou lè ou antre nan vizit la apati de yon kont ki pa gmail, tout patisipan yo ap wè non batèm ou ak non fanmi ou
 - Gen risk pou yon moun ki antre nan vizit an gwoup la pa sipoze la
- Ou dwe konnen CHA p ap siveye bwat resepsyon gwoup la Pasyan ki gen mwens pase 18 an dwe gen konsantman yon paran oswa yon gadyen pou bagay ki pi wo yo.

Yo mete pwotokòl sekirite anplas pou redui risk bay lòt moun non ou ak imèl ou. Nan sikonstans ra, pwotokòl sa yo gen dwa pa mache.